



Lisdatant 3-K ap fèmen 22 septanm

Chè fanmi,

Nou swete pitit ou a kontan anpil pou kòmansman ane lekòl la!

Lisdatant 3-K ap fèmen **Vandredi 22 septanm**. Se dènye dat pitit ou a ka resevwa yon òf sou lisdatant. Si w ta renmen aksepte yon òf apre 22 septanm, tanpri kontakte lekòl la dirèkteman.

Sonje, ou ka wè nan ki pozisyon ou ye ak òf yo fè w sou lisdatant yo nan kont [MySchools](#) ou a, lè w klike sou bouton “View Results and Waitlists” la, epi klike sou “View Waitlists.” La, ou pral wè nenpòt òf yo fè w anba “Offers.” Yo ap avize w atravè imèl si w resevwa yon òf sou lisdatant.

Si pitit ou a pa gen yon plas 3-K apre lisdatant yo fin fèmen, ou ka kontakte pwogram yo dirèteman pou wè si gen plas ki disponib. Ou ka wè ki tip pwogram ki k ap gen plas disponib nan [Anyè 3-K](#) a ak lè w itilize filtè “May Have Seats Available” la. Anplis, ou ka voye yon imèl ba nou nan ESEnrollment@schools.nyc.gov epi se pa tout timoun ki pral resevwa òf.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lisdatant, ale sou schools.nyc.gov/waitlists; lòt enfòmasyon anplis sou 3-K ap disponib tou nan nyc.gov/3K. Ou ka kòmanse prepare w pou pre-K pou pwochen ane lekòl la lè w mete non sou lis pou resevwa mizajou yo [la a!](#)

Bon siksè,

Ekip pou admisyon nan lekòl primè

Biwo enskripsyon elèv